

BAB V

KACINDEKAN JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Panalungtikan anu dilaksanakeun di SMP Negeri 12 Bandung nya éta panalungtikan tindakan kelas (PTK). Tina hasil panalungtikan éta bisa dicindekkeun yén modél pangajaran kooperatif tipe jigsaw (KTJ) bisa ngaronjatkeun kaparigelan maca dongéng.

- 1) Panalungtikan dilaksanakeun dina dua siklus nya éta siklus I jeung siklus II. Modél KTJ bisa ngaronjatkeun kaparigelan maca dongéng siswa. Hal ieu katitén tina hasil kagiatan diajar siswa anu ngaronjat jeung lumangsung kalawan hadé. Salian ti éta modél KTJ ogé meredih siswa pikeun gawé bareng jeung kelompokna. Siswa ogé diperedih sangkan miboga tanggung jawab kana pancénna. Salian ti éta siswa ogé diperedih pikeun silih tukeur pamanggih, sawangan jeung ngaréngsékeun pasualan. Nu pamungkas siswa diperedih pikeun ngajelaskeun matéri ka kelompokna séwang-séwangan.
- 2) Nurutkeun hasil analisis salila pangajaran lumangsung, bisa dicindekkeun yén modél KTJ bisa ngaronjatkeun kaparigelan maca dongéng. Hal ieu katitén tina ngaronjatna hasil diajar maca dongéng siswa timimiti tés awal, tés siklus I, jeung tés siklus II. Hasil diajar maca dongéng siswa dina tés awal nya éta 20 urang atawa

50% anu tuntas, sedengkeun anu can tuntas 20 urang atawa 20%. Dina tés siklus I nya éta 30 urang atawa 75% anu tuntas, sedengkeun 10 urang atawa 25% anu can tuntas. Hasil diajar dina tés siklus II nya éta 40 urang atawa 100% anu tuntas.

- 3) Dumasar kana hasil analisis aktivitas kamampuh kooperatif siswa, modél KTJ bisa nyiptakeun suasana diajar anu PAKEM (aktif, kreatif, éféktif, jeung *menyenangkan*). Hal ieu bisa katitén tina ngaronjatna hasil analisis aktivitas kamampuh kooperatif siswa timimiti siklus I nepi ka siklus II. Aktivitas kamampuh kooperatif siswa siklus I nya éta tetep aya dina kelompokna nya éta 67,5%, ngarumuskeun pancén nu jadi tanggung jawabna nya éta 72,5%, gawé bareng dina kelompok nya éta 67,5%, ngaregepkeun pedaran nu ditepikeun ku babaturan nya éta 72,5%, ngahargaan sawangan babaturan 70%, siap narima tugas nya éta 65%, mantuan babaturan dina ngaréngsékeun pancén nya éta 70%, nanya ka babaturan atawa ka guru 57,5%, jeung méré sumanget ka babaturan sakelompokna sangkan méré sawangan nya éta 67,5%. Sedengkeun aktivitas kamampuh kooperatif siswa dina siklus II nya éta anu tetep aya dina kelompokna nya éta 82,5%, ngarumuskeun pancén nu jadi tanggung jawabna nya éta 87,5%, gawé bareng dina kelompok nya éta 87,5%, ngaregepkeun pedaran nu ditepikeun ku babaturan nya éta 85%, ngahargaan sawangan babaturan 87,5%, siap narima tugas nya éta 90%, mantuan babaturan dina ngaréngsékeun pancén nya éta 85%, nanya k babaturan atawa ka guru 82,5%, jeung méré sumanget ka babaturan sakelompokna sangkan méré sawangan nya éta 82,5%.

5.2 Rékoméndasi

Sanggeus ngalaksanakeun panalungtikan ngagunakeun modél KTJ dina pangajaran maca dongéng, aya sababaraha hal anu hayang ditepikeun salaku rékoméndasi nya éta:

- 1) Saméméh prak-prakkan prosés diajar-ngajar lumangsung, guru kudu ngararancang bahan pangajaran heula. Hal ieu dilakukeun sangkan maksud jeung tujuan pangajaran bisa kahontal kalawan hadé, sabab dina prak-prakkan modél KTJ kawilang hésé.
- 2) Modél KTJ nya éta modél pangajaran kelompok nu ngabutuhkeun waktu nu cukup lila. Ku kituna guru dipiharep bisa ngaéféktifkeun waktu sangkan teu aya waktu anu kapiceun.
- 3) Salila pangajaran lumangsung guru kudu leuwih ngusasaan kelas. Hal éta dilakukeun pikeun nyiptakeun suasana kelas anu kondusif.
- 4) Guru dipiharep bisa ngaronjatkeun kualitas ngajarna sangkan matéri anu baris dipedar bisa ditepikeun ka siswa kalawan hadé.
- 5) Ngagunakeun modél KTJ dina pangajaran maca dongéng dipiharep bisa nyiptakeun suasana diajar anu PAKEM (aktif, kreatif, éféktif, jeung *menyenangkan*). Hal éta dilakukeun pikeun ngaronjatkeun hasil diajar siswa hususna dina pangajaran maca dongéng.
- 6) Guru kudu leuwih jéntré dina ngajelaskeun léngkah-léngkah modél KTJ.